# Tànnloo wu ñu Yonnente bi ci diggante ñaari mbir lu dul ne jël na ba ca gën a yomb, fii ak nekkul bàkkaar, bu nekkee bàkkaar la moo koy gën a sori ci nit ñi

Jële nañu ci Aysatu yaayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Tànnloo wu ñu Yonnente bi ci diggante ñaari mbir lu dul ne jël na ba ca gën a yomb, fii ak nekkul bàkkaar, bu nekkee bàkkaar la moo koy gën a sori ci nit ñi, te Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc musul a fayyu ngir boppam lu dul ñu xotti wormay Yàlla, mu fayyu ko ngir Yàlla".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Ndayu jullit ñi Aysatu yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare yenn jikkóy Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, bokk na ci yi mu tudd: mooy ne moom Yonente bi tànnloo wu ñu ko ci diggante ñaari mbir lu dul ne jël na ba ca gën a yomb fii ak ba gën a yomb nekkul di waral bàkkaar, lu ko moy jamono jooju moo koy gën a sori nit ñi daal di tànn ba gën a jafe. Ak Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu masula fayyu ngir boppam waaye da daan baale aka jéggale ci àqam lu dul ñu xotti wormay Yàlla yi bu ko defee mu fayu ngir Yàlla, te moo doon ki gën a tar ci nit ñi ag mer ñeel Yàlla.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee